अंगना दुआर सगरी,
आरे महल अटरीया,
तोरा बिना निक नाही,
लागे रे सांवरिया।।

खोजी कहांवा तोहराके,
गोरिया सवरियां,
गोरिया सवरियां,
आरे कोवनी दिशा के धरी,
कवनी डगरिया,
टूटल जाले जीनगी हो,
टूटल जाले जीनगी के,
पूजिया उमिरिया,
तोरा बिना निक नाहीं,
लागे रे सांवरिया।।

पूरब पश्चीम्वा से,
उत्तर दखीनवा,
उत्तर दखीनवा,
ढाही अईनी छानी मरनी,
सगरे जहनवा,
भोर के उम्मीद में,
भोर के उम्मीद में से,
ले रात करीया,
तोरा बिना निक नाहीं,

लागे रे सांवरिया।।

कारे तोरा गऊंवा नाही,
आवेली बदरिया,
आवेली बदरिया,
सावन के झपसी,
बसंत के बयरिया,
मुई गइले पपीहा,
मुई गइले पपीहा,
गुंग भईली कोइलरिया,
तोरा बिना निक नाहीं,
लागे रे सांवरिया।।

दिन अऊरी रतिया,
दिन अऊरी रतिया,
आरे काहे कईले बाड़ू तू,
बजरअ ससतिया,
छछनी छछनी भवरा,
छछनी छछनी भवरा,
ढूंढे फुलवरिया,
तोरा बिना निक नाहीं,
लागे रे सांवरिया।।

अंगना दुआर सगरी,
आरे महल अटरीया,
तोरा बिना निक नाही,
लागे रे सांवरिया।।

Singer Bharat Sharma
Upload By Sarvesh Sargam
9113972124

Source: https://www.bharattemples.com/tora-bina-nik-nahi-lage-re-sawariya/

Complete Bhajans Collections - Download Free Android App
https://play.google.com/store/apps/details?id=com.numetive.bhajans

Facebook: https://www.facebook.com/bharattemples/
Telegram: https://t.me/bharattemples
Youtube: https://www.youtube.com/channel/UC24oJCxZJyhhKzSUD-Lt9Tw